



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN KA KE OU TE RATE LI: ATIK OPINYON DIREKTÈ BIDJÈ BLAKE WASHINGTON NAN EMPIRE REPORT: BIDJÈ GOUVÈNÈ HOCHUL LA ENJEKTE BON SANS NAN FINANSMAN LEKÒL

Jodi a, Empire Report pibliye yon atik opinyon pa Direktè Divizyon Bidjè a Blake Washington sou investisman Bidjè Egzekitif Gouvènè Kathy Hochul nan finansman lekòl la. Tèks atik opinyon an disponib anba a epi ou kapab wè li sou entènèt [isit la](#).

Bidjè Gouvènè Hochul la enjekte bon sans nan finansman lekòl

Fanmi yo atravè eta a merite konnen reyalye yo: tou senpleman pa gen okenn Gouvènè nan istwa Eta New York ki te investi plis nan edikasyon pase Gouvènè Hochul. Depi lè li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te redije ak adopte de bidjè ki te bay plis pase 5 milya dola nan finansman adisyonèl pou lekòl leta yo. Kòm yon rezilta, li se premye administrasyon an ki finanse konplètman fòmil èd fondasyon lekòl la ki te etabli plis pase 15 ane de sa. Pwopozisyon aktyèl Bidjè Egzekitif 35.3 milya dola pou lekòl leta yo gen ladan yon nouvo 825 milyon dola ki bay pi gwo kantite finansman pou sipòte lekòl nou yo nan istwa eta a. Ant investisman adisyonèl Eta a nan twa dènye bidjè ki te adopte yo ak enfizyon yon lòt 13 milya dola èd Federal ekstrawòdinè, lekòl leta New York yo te reyalye 20 milya dola nan ogmantasyon èd nan sèlman plis pase twazan. Gouvènè a te akonpli pwomès li epi lekòl leta New York yo pa te janm gen plis resous.

*An reyalye, distri lekòl yo ap resevwa resous pi vit pase sa yo ka reyèlman depanse li. Ogmantasyon eksponansyèl nan peryòd kout sa a te favorize yon kwasans rapid nan rezèv distri a, jan sa montre pa balans fon nan tout eta a ki te fèk ogmante pa plis pase **2.7 milya dola** nan twazan sèlman, ak rezèv nan tout eta a ki kounye a totalize 10.5 milya dola oswa 24 pousan nan bidjè distri yo. Pandan ke lwa eta a pèmèt distri yo kenbe yon nivo rezèv modès pou depans ke yo pa prevwa, kounye a distri yo genyen **prèske 1 milya dola** nan rezèv sipli ki depase limit legal yo.*

Fòmil èd lekòl Eta a bay distri yo finansman dapre plizyè faktè, tankou enskripsyon jeneral, bezwen elèv yo, ak richès distri a. Investi nan fason sa a asire ke eta New York priyorize resous li yo nan distri ki pi bezwen li yo.

Yon mezi apa nan lwa eta a bay distri yo omwen menm kantite Èd Fondasyon jan yo te resevwa nan ane anvan an, san yo pa konsidere richès distri a, bezwen elèv yo, oswa

chanjman popilasyon an. Asireman, kòm dispozisyon sa a “kenbe san danje” plis distri—kidonk yo inyore fòmil Èd Fondasyon an—mwens resous eta yo finalman disponib pou elèv ki nan distri lekòl ki gen gwo bezwen yo, oswa pou distri k ap grandi nan gwosè yo.

New York envesti plis nan edike jèn nou yo pase nenpòt lòt eta nan nasyon an ak yon gwo maj. Eta a depanse **plis pase 26,500 dola pou chak elèv**, ki se **85% pi wo** pase mwayèn nasyonal la. Nan menm moman ak Eta a te depanse plis nan edike jèn nou yo, lekòl nou yo te fè eksperyans yon bès enskripsyon prèske 10% depi 2014. Nan yon moman kote yo oblije pran desizyon difisil pou fèmen yon diferans bidjetè enpòtan, faktè sa yo dwe fè pati ekwasyon an.

Nan moman rekò lajan kach ki disponib pou pifò distri yo, bon sans mande pou Bidjè Egzekitif la kòmanse yon konvèsasyon sou fason pou l abòde kesyon difisil sa a alontèm, pandan l ap pèmèt Eta kontinye envèstisman li nan anpil lòt sèvis fanmi New York yo konte sou yo. Kontribyab yo pa ta dwe atann ak mwens.

Aprè dezan kwasans san parèy nan depans eta a, Bidjè Egzekitif la ap chèche prezève ak viktwa yo jwenn nan de premye bidjè Gouvènè Hochul yo, pandan y ap alinye depans yo ak revni an menm tan, konsa li mete plan fiskal eta nou an sou yon chemen dirabilite. Bidjè pwopoze a elimine yon diferans 4.3 milya dola pandan y ap toujou ogmante envestisman an jeneral nan prèske 4.5 pousan; li kontinye angajman Gouvènè Hochul pou sekirite piblik ak sante piblik, elaji aksè ak sèvis sante mantal, epi li bay resous ki nesèsè pou bay timoun nou yo yon bon jan edikasyon.

Olye pou yo poze kesyon, “konbyen lajan anplis lekòl nou yo ap resevwa?”; li ta dwe “poukisa nou gen yon fòmil ki fòse nou peye pou elèv ki pa egziste?” Sa yo se konvèsasyon difisil kote Gouvènè a ap eseye enjekte bon sans pandan n ap angaje ak distri yo, fanmi yo, lejislati a, ak moun ki gen enterè yo nan bidjè sa a k ap vini an. Se sèlman lè sa a nou ka jwenn solisyon reyèl, dirab ke kontribyab New York yo konte sou yo pandan n ap asire pwofesè nou yo jwenn resous yo bezwen pou edike pwochen jenerasyon Nouyòkè yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)